



Pou Piblikasyon Imedya: 08/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN PWOJÈ 19.45 MILYON DOLA POU
RANPLASE PON RAVENSDALE ROAD NAN HASTINGS-ON-HUDSON**

***Nouvo trave sou pwomnad rivyè Saw Mill la amelyore sekirite ak mobilite sou
wout aksè kle rive nan vilaj bò rivyè a***

Elaji aksè pou pyeton ak bisiklèt nan santye popilè Konte Sid la

Foto pwojè ki fini a disponib [isit la](#)

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse travay la fini sou yon pwojè 19.45 milyon dola pou ranplase pon Ravensdale Road sou pwomnad Rivyè Saw Mill la nan Vilaj Hastings-on-Hudson, Konte Westchester. Nouvo pon an amelyore vwayaj epi amelyore sekirite ak rezistans sou yon koneksyon vital ant vilaj la ak kominote Westchester yo ki nan lès pwomnad Rivyè Saw Mill la. Pwojè a tou bay nouvo aksè pou pyeton ak bisiklèt amelyore nan pwomnad popilè Konte Sid la, ki pase tou anba trave a.

"Lè nou modènize rezo transpò nou an, Eta New York pral kapab sipòte tout mòd vwayaj, pwoteje anviwònman nou an epi bay kominote yo enfrastrikti yo bezwen pou grandi ak pwospere", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwojè sa a pral asire ke yon wout enpòtan nan Vilaj Hastings-on-Hudson rete ouvri ak aksesib pou anpil ane alavni, pandan l ap ofri tou nouvo opòtinite lwazi pou siklis ak pyeton yo".

Pon Ravensdale Road la se sèl pasaj sou pwomnad Rivyè Saw Mill nan vilaj la. Pwojè a, ki te kòmanse nan prentan 2020, te ranplase estrikti orijinal ki gen de trave ki te konstwi an 1945 avèk yon nouvo pon yon sèl trave ki te genyen akòtman sis pye ak twotwa senk pye sou chak bò pou pi byen akomode pyeton ak siklis yo. Nouvo pon an genyen tou yon baryè an beton, balistrad dekoratif ak ekleraj pon dekoratif ke kominote a te sijere.

Nan kad pwojè a, Depatman Transpò Eta a te reyabilite tou yon pon abandone ki sitiye jis nan nò Pon Ravensdale Road epi li itilize li l pou kreye yon premye koneksyon dirèk ant vilaj la ak Santye Konte Sid la. Pon reyabilite a kounye a fè pati yon nouvo chemen aksè 900 pye longè ki konekte ak Santye a soti nan entèseksyon Ravensdale Road/Jackson Avenue ak State Route 9A (Saw Mill River Road).

Santye Konte Sid la travèse Konte Westchester ant Yonkers ak Greenburgh, ki konekte Pak Van Cortlandt ak Pak Tarrytown Lakes. Li fè pati yon sistèm kat santye ki gen ladan Old Putnam Trail rive nan Santye sid ak North County ak Santye Putnam rive nan nò. Yo konbine pou 72 kilomèt nan vwayaj sitou deyò wout yon ansyen koridò chemen de fè.

Yon nouvo sistèm drenaj te konstwi tou pou ede pwoteje anviwònman an epi anpeche inondasyon sou Ravensdale Road. Yo te kreye yon etan dlo lapli tou pou diminye inondasyon, ewozyon ak polisyon nan ka lapli. Nouvo peyizaj - ki gen ladan apeprè 100 pye bwa ki gen fèy kadik, touf ak plant - yo te ajoute epi yo te konstwi yon bèm peyizaje tou pou ede pwoteje rezidan zòn nan kont bri wout la.

Pou kapab diminye enpak anviwònman pwojè a, plizyè teknik resiklaj yo te anplwaye pandan konstriksyon, ki gen ladan reyitilizasyon materyèl granilè pou mi yo ak divès lòt bezwen nan pòte pwojè a. Yo te itilize beton ki soti nan ansyen pon an tou nan konstriksyon yon ranp pou yon lòt pwojè nan Konte Westchester.

Komisè Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta a, Marie Therese Dominguez te deklare, "Achèvman pwojè sa a se yon gwo pa an avan pou Vilaj Hastings-on-Hudson epi li montre angajman Depatman Transpò Eta New York la pou travay ansanm ak kominote lokal yo pou non sèlman rekonstwi enfrastrikti ki ansyen nou an, men pou rekonstwi l pi byen, epitou kreye sistèm transpò modèn ki pi rezistan epi ki benefisyè tout mòd depasman yo. Nouvo pon sa a sou Ravensdale Road pral asire ke yon wout aksè kle nan vilaj la rete ouvri pandan plizyè ane k ap vini yo pandan l ap bay aksè amelyore nan yon sistèm santye lokal popilè ki pral elaji opòtinite pou pyeton, randone ak siklis".

Lidè Majorite a, Andrea Stewart-Cousins, te deklare, "Achèvman nouvo pon sa a nan kòmansman sezon ete a pral pèmèt fanmi yo jwenn yon espas ki an sekirite pou aksè pou pyeton ak bisiklèt, pandan l ap konekte kominote yo ak sipòte biznis nan zòn ki alantou yo. Mwen fyè pou travay ki te fèt pou sekirize investisman enpòtan sa a pou Hastings-on-Hudson ak Konte Westchester epi mwen te kontan ede sekirize finansman pou pwojè sa a. Se yon investisman ke kominote nou an pral jwi pou plizyè deseni alavni. Mwen pral kontinye goumen pou pwojè enfrastrikti lokal yo ki kontinye anrichi distri nou an".

Manm Asanble Thomas Abinanti, te deklare, "Mwen fyè pou m fè pati ekip New York ke Gouvènè Kathy Hochul te dirije k ap rekonstwi wout ak pon nou yo. Nouvo Pon Ravensdale Road la se yon modèl pou konekte kominote yo. Li se yon estrikti modèn ki gen yon estil apwopriye ki amelyore sekirite epi ki fasilite aksè pou pyeton ak bisiklèt nan Santye South County. Li reprezante 19.45 milyon dola ki byen depanse".

George Latimer, ki se Chèf Egzekitif Konte Westchester, te deklare, "Asire aksè san danje pou tout moun ke Konte Westchester gen pou ofri pandan l ap kreye, oswa re-etabli, koneksyon ant kominote yo gen yon enpòtan esansyèl pou rezidan yo ak

vizitè yo. Gras ak Gouvènè Hochul ak administrasyon li an, achèyman pon sa a, ki se yon koneksyon enpòtan pou rezidan Hastings, Ardsley & Greenburgh, reyalize tou de objektif sa yo. Anplis de sa, pandan n ap kontinye wè Santye South County a itilize anpil, achèyman konektè vital sa a se yon bon nouvel".

Sipèvizè Vil Greenburgh Paul Feiner te deklare, "Mwen ta renmen remèsye NYS DOT, Gouvènè a ak lejislatè yo nan eta nou an paske yo te ranplase pon Ravensdale Road la. Sa a se yon pon enpòtan ki konekte Hastings ak Greenburgh ki pa enkòpore epi ki bay rezidan Westchester yo yon koneksyon enpòtan pou ale nan Lès Pwomnad Rivyè Saw Mill la. Mwen se yon siklis pasyone, mwen jwi aksè nan pon Ravensdale depi nan espektakilè santye South County a. Anvan konstriksyon an, mwen te panse konstriksyon an t ap yon kochma avèk anpil plent. Men, pandan pwosesis konstriksyon an, yo te resevwa apèn kèk plent nan men rezidan yo ak prèske tout moun mwen pale ak yo ki itilize pon an ak koneksyon nan santye a renmen amelyorasyon enfrasitrikti sa a. Li enpòtan ke ansyen pon yo dwe ranplase oswa rekonstwi si gen pwoblèm estriktirèl. Yon gwo mèsi pou Eta New York dèske li pwo-aktif ak rekonstwi pon enpòtan sa a".

Otomobilis yo dwe sonje pou Mete yo sou kote, si li posib san danje, oswa pou yo ralanti anpil nenpòt lè yo rankontre veyikil sou bò wout la ki afiche limyè wouj, blan, ble, anblan ak vèt, ki gen ladan veyikil antretyen ak konstriksyon nan zòn travay yo.

Nou ankouraje otomobilis yo anpil pou yo ralanti epi kondui nan yon fason responsab nan zòn travay yo. Kontravansyon yo double lè gen eksès vitès nan yon zòn travay. Kondanasyon pou de (2) oswa plis vyolasyon eksès vitès nan yon zòn travay kapab lakòz yo revoke lisans chofè yon moun.

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou sikilasyon yo, rele 511, vizite www.511NY.org oswa telechaje aplikasyon mobil gratis 511NY la.

Suiv DOT Eta New York la sou Twitter: [@NYS DOT](https://twitter.com/NYS DOT) ak [@NYS DOT HV](https://twitter.com/NYS DOT HV). Jwenn NYSDOT sou Facebook nan facebook.com/NYS DOT.

###

Lèt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418